

APLIKE POU ASIRANS OTOMOBIL:



SA OU DWE KONNEN

Lalwa egzije w pou achte epi kenbe kouvèti asirans otomobil si ou gen yon machin ki anrejistre nan Florida. Asirans otomobil pèmèt ou pwoteje tèt ou ak lòt moun nan ka aksidan oswa blesi ki enplike machin ou an.

Pandan w ap achte asirans epi eseye jwenn kouvèti asirans, ou pral bezwen ranpli yon aplikasyon pou asirans. Sa ka jeneralman fèt sou entènèt oswa an pèsòn avèk yon ajan asirans.

Konpayi asirans lan pral itilize enfòmasyon ou bay sou aplikasyon an pou detèmine si li vle ofri ou yon kontra asirans ak tarif ou pral peye, yo rele tou prim ou. Pwosesis sa a rele Pwosesis Souskripsyon.

PWOSESIS LA

KIT SOU ENTÈNÈT OSWA AVÈK YON AJAN ASIRANS, LÈ W AP APLIKE POU ASIRANS OTOMOBIL ASIRE W POU:

1 KONSILTE YON AJAN ASIRANS KI GEN LISANS POU APLIKE POU KOUVÈTI ASIRANS.

- ✓ Verifye avan w achte. Kontakte Liy Èd gratis Konsomatè Asirans Depatman Sèvis Finans lan pou verifye si ajan ak konpayi asirans lan gen lisans anvan ou aplike pou asirans otomobil.
 - 1.877.693.5236
 - www.MyFloridaCFO.com/Division/Consumers/PurchasingInsurance
- ✓ Anvizaje pou jwenn referans oswa rekòmandasyon sou ajan asirans lan.

2 LI TOUT KESYON YO AK ANPIL ATANSYON EPI MANDE KLARIFIKASYON.

- ✓ Si yon kesyon pa klè oswa li twouble w, ou pa bezwen pè mande ajan asirans ou an oswa konpayi asirans la pou l klarifye kesyon an.
- ✓ Konfime w ap jwenn tout kouvèti asirans ki nesèsè yo.
- ✓ Detèmine si gen plis kouvèti asirans ki pa obligatwa ou ta renmen achte.

3 PA NEGLJE OKENN ENFÒMASYON.

- ✓ Mete tout machin, milyaj, kantite itilizasyon, chofè, aksidan ak tikè.
- ✓ Mete tout manm nan kay la ki pral byento gen laj pou kondwi, ki gen yon lisans chofè ki ka detanzantan kondwi machin ki asire yo, oswa moun ki ka gen aksè a machin ki asire yo.

4 POZE KESYON SOU NENPÒT RABÈ OU KA KALIFYE POU YO TANKOU:

- ✓ Kredi pou chofè ki kondwi an sekirite
- ✓ Bon fòmasyon pou elèv/chofè
- ✓ Operatè prensipal
- ✓ Fren antivòl/antiblokaj

5 MANDE YON KOPI APLIKASYON KI SIYEN AN.

- ✓ Kenbe yon kopi aplikasyon ki siyen an nan dosye ou.
- ✓ Yon fwa ou resevwa kontra ou an, konpare kouvèti ou te mande sou aplikasyon an ak kouvèti ki nan lis nan kontra a. Si gen nenpòt erè, kontakte ajan oswa konpayi asirans ou an tousuit.

ENFÒMASYON SOU APLIKAN AN/CHOFÈ A/VEYIKIL LA

Ajan oswa konpayi asirans lan ap bezwen kèk enfòmasyon pèsònèl ou pou mete sou aplikasyon an.

ASIRE OU CHWAZI A

Asire yo chwazi a anjeneral se pwopriyetè kontra asirans otomobil la epi li responsab pou fè chanjman oswa rezoud pwoblèm ak konpayi asirans lan sou non nenpòt chofè règleman an kouvri.

NIMEWO TELEFÒN

Nimewo telefòn ou nesèsè pou ajan asirans lan oswa konpayi asirans lan ka kontakte ou si sa nesèsè.

ADRÈS

Adrès postal ou ak adrès garaj la, toulede nesèsè si yo diferan. Adrès garaj la se kote machin lan sitiye oswa estoke regilyèman.

ENFÒMASYON SOU MACHIN LAN

Yo bezwen tout enfòmasyon ki gen rapò ak machin lan tankou ane a, mak/modèl (kalite machin lan), ki jan yo pral itilize machin lan, ak nimewo idantifikasyon machin lan (vehicle identification number, VIN).

ENFÒMASYON SOU CHOFÈ A

Non (yo), dat nesans, laj, sèks, eta sivil, relasyon, nimewo lisans chofè a, ak antesedan aksidan/kondanasyon chak chofè. Sa a ka gen ladan moun ki gen yon laj minimòm jan konpayi asirans lan egzije sa, ki gen lisans ou pa, ki abite avèk ou. Sa ka gen ladan tou tout moun ki regilyèman kondwi nenpòt machin ki nan lis sou aplikasyon an kèlkeswa kote yo abite.

KOUVÈTI ASIRANS OTOMOBIL KOMEN YO

Asire w ou konprann divès kalite kouvèti asirans ki disponib pou ou lè w ap achte asirans. Gen kèk kouvèti asirans ki obligatwa, ak kèk kouvèti asirans ki pa obligatwa.



KOUVÈTI KI OBLIGATWA:

- Kouvèti pou Blesi Pèsònèl (Personal Injury Protection, PIP)
- Responsabilite Pwopriyete ki Andonmaje (Property Damage, PD)

KOUVÈTI KI PA OBLIGATWA:

- Blesi Kòporèl (Bodily Injury, BI)
- Kolizyon
- Konplè
- Peman Medikal (Med Pay)
- Machin Lokasyon
- Remokaj/Mendèv
- Chofè ki pa Gen Asirans/ki Sou-Asire (UM/UIM)

KOUVÈTI KI OBLIGATWA



KOUVÈTI POU BLESÌ PÈSONÈL (PERSONAL INJURY PROTECTION, PIP)

Kouvèti Pwoteksyon pou Blesi Pèsonèl (Personal Injury Protection, PIP) yo souvan rele “san fay” epi y ap aplike yo kèlkeswa fay la si gen blesi ou sibi nan yon aksidan otomobil. Lwa Florida egzije yon minimòm \$10000 kouvèti PIP. Kèk konpayi asirans ofri kouvèti PIP pwolonje oswa sipleman tè ki depase \$10000 ou ka achte pou yon prim sipleman tè.

Si ou menm ak/oswa pasaje ou yo blese nan yon aksidan otomobil epi yo pa dyagnostike ou gen yon pwoblèm medikal ijans, ou limite a \$2,500 kouvèti asirans PIP olye de montan kouvèti asirans \$10,000 a.

Yon pwoblèm medikal ijans se yon blesi ak gwo doulè ki egzije atansyon medikal imedyat pou anpeche gwo domaj sou sante ou oswa kò ou. Se pwofesyonèl medikal ki gen lisans, ki kalifye yo ki dwe detèmine blesi w la kòm yon pwoblèm medikal ijan tankou doktè medikal, asistan doktè, dantis, osteyopati, oswa enfimyè pratisyen avanse ki anrejistre.



Kouvèti PIP ou a ap peye jiska 80% nan depans medikal yo ak jiska \$5000 pou depans fineray.



Kouvèti PIP ou a ap peye tou 100% sèvis si ou dwe anboche yon moun pou fè aktivite ou ta ka nòmalman fè, men ou pa kapab fè akòz blesi w la; tankou kwit manje, netwayaj, ak jaden.



Kouvèti PIP ou a pral kouvri jiska 60% nan salè ou pèdi si ou pa kapab retounen nan travay akòz blesi ou yo.

Y ap peye tout avantaj ki anwo yo nan montan kouvèti PIP \$10,000 ou a jiskaske yo itilize tout montan kouvèti \$10,000 a.

Pou yon rediksyon nan prim ou an, ou gen opsyon pou retire avantaj pèt salè a ak pèt avantaj kapasite pou touche kontra w la. Pèt kapasite pou touche fè referans a kapasite redwi ou a pou touche lajan nan tan k ap vini an oswa enkapasite ou pou touche menm kantite ou te touche a anvan ou te sibi blesi aprè aksidan otomobil la.



Si ou menm ak/oswa pasaje ou yo blese nan yon aksidan otomobil, ou dwe resevwa premye tretman **nan lespas 14 jou aksidan an fèt la** yon fason pou kalifye pou peman anba kouvèti PIP ou a.



KOUVÈTI RESPONSABILITE PWOPRIYETE KI ANDONMAJE (PROPERTY DAMAGE, PD)

Kouvèti Responsabilite Pwopriyete ki Andonmaje (Property Damage, PD) peye pou reparasyon oswa ranplasman yon lòt machin chofè oswa domaj pwopriyete yon lòt moun ou te lakòz oswa yon lòt moun kondwi ki t ap kondwi machin ou an te lakòz.

Lwa Florida egzije yon minimòm \$10000 pou kouvèti responsabilite pwopriyete ki andonmaje; sepandan, ou ka achte kouvèti sipleman tè ki depase minimòm \$10000 pou yon prim ki pi wo.

KOVÈTI KI PA OBLIGATWA

LWA FLORIDA AA PA EGZIJE KOVÈTI ASIRANS SA YO



RESPONSABILITE BLESİ KÒPORÈL (BODILY INJURY, BI)

Kouvèti pou Responsabilite Blesi Kòporèl (Bodily Injury, BI) peye depans ki gen rapò ak aksidan an oswa lanmò yon lòt chofè, pasaje, oswa pyeton lè se ou ki antò oswa lè se yon lòt moun k ap kondwi machin ou an ki antò.



KOLIZYON

Kouvèti kolizyon peye depans pou repare oswa ranplase machin ki andonmaje nan yon aksidan kèlkeswa moun ki antò a. Si machin ou an finanse, souvan pifò moun ki gen dwa pou li yo ap mande pou ou achte kouvèti kolizyon, otreman, kouvèti kolizyon an pa obligatwa.



KONPLÈ

Kouvèti konplè a ka nan lis tou kòm kouvèti ki pa kouvèti Kolizyon sou kontra w la. Kouvèti konplè a peye depans pou repare oswa ranplase machin ou an si yo vòlè li oswa si dife, dechoukay, si objè tonbe sou li, inondasyon, van tanpèt, oswa si enpak ak yon bèt andonmaje l. Kouvèti konplè kouvri tou reparasyon vit devan machin lan. Si machin ou an finanse, souvan pifò moun ki gen dwa pou li yo ap mande pou ou achte kouvèti konplè, otreman, kouvèti konplè a pa obligatwa.



PEMAN MEDIKAL (MED PAY)

Kouvèti pou Peman Medikal (Med Pay) peye yon pòsyon nan depans medikal ak depans fineray, aprè blesi yon aksidan machin Kouvèti Asirans Aksidan Pèsonèl ou a pa kouvri.



MACHIN LOKASYON

Kouvèti asirans pou Machin Lokasyon peye pou depans yon machin lokasyon pandan y ap repare machin ou an nan ka machin ou an sibi domaj

ki kouvri anba kouvèti asirans konplè w la oswa kolizyon. Anjeneral, gen yon limit espesifik sou kouvèti asirans sa a. Tankou, kèk konpayi asirans mete yon restriksyon limit chak jou sou depans machin lokasyon w lan.



REMOKAJ/MENDÈV

Kouvèti Garaj/Mendèv bay sèvis ijans bò wout akòz yon pàn oswa pàn mekanik nan machin ou an. Yo trete Remokaj ak Mendèv anjeneral sou yon baz ranbousman. Anjeneral, gen yon limit espesifik sou kouvèti asirans sa a.



CHOFÈ KI PA GEN ASIRANS/KI SOU-ASIRE (UM/UIM)

Kouvèti Chofè ki pa Gen Asirans/ki Sou-Asire (UM/UIM) bay kouvèti pou ou si ou nan yon aksidan epi lòt chofè a antò epi li pa gen okenn asirans (pa asire) oswa li pa gen ase asirans (sou-asire).


Kouvèti UM/UIM lan pa aplike pou domaj sou pwopriyete, men y ap kouvri depans ki ta nòmalmman kouvri ak kouvèti asirans chofè ki antò a tankou depans medikal ki poko peye, pèt salè ki poko peye, ak lòt depans ki gen rapò ak blesi ou sibi aprè aksidan an. Tankou, kouvèti sa a ap peye 20% nan depans medikal ki poko peye ak 40% nan pèt salè ki poko peye avantaj PIP ou yo pa peye; sepandan, kontrèman ak avantaj PIP yo, yo peye avantaj UM/UIM yo nan yon sòm fòfetè lè ou fini tretman an.

Si ou achte kouvèti sa a, gen divès limit kouvèti ki disponib; sepandan, limit yo dwe egal ak oswa mwens pase limit kouvèti Responsabilite Blesi Kòporèl ou a.


FRANCHIZ

Kèk kouvèti sou kontra asirans otomobil ou a ap gen ladan yon **franchiz**, ki se pòsyon ou responsab pou peye lè yo fè yon reklamasyon.

OU DWE PRAN ANPIL KONSIDERASYON LÈ W AP CHWAZI YON FRANCHIZ.



Anjeneral, tank franchiz ou a pi wo, se tank prim ou an ap pi ba epi tank franchiz ou a pi ba se tank prim ou an ap pi wo.



Ou pa dwe chwazi kouvèti kontra w la sèlman sou baz montan prim lan oswa montan franchiz la. Asire w ou revize kouvèti ki disponib yo pou asire machin ou an ase asire.

- Franchiz komen sou pwoteksyon konplè ak kolizyon se \$250, \$500, ak \$1000. Konpayi asirans ou an ka ofri lòt franchiz.
- Franchiz PIP yo pa obligatwa; sepandan, ou ka chwazi gen yon franchiz PIP pou bese prim ou an. Konpayi asirans lan dwe ofri ou opsyon pou chwazi yon franchiz nan montan \$250, \$500, oswa \$1000. Si ou chwazi yon franchiz, ou gen opsyon pou aplike franchiz sa a sèlman pou tèt ou oswa ou gen opsyon pou aplike franchiz la pou tèt ou ak fanmi depanndan ou ki abite nan menm kay la avèk ou. Franchiz la, si w chwazi li, pral aplike sèlman nan avantaj medikal ou ak nenpòt avantaj andikap ou resevwa. Franchiz la pa p aplike pou avantaj lanmò \$5000 a sou kontra a.

KESYON KOMEN SOU SOUSKRIPSYON

SOUSKRIPSYON SE YON TÈM KI FÈ REFERANS A PWOSESIS EVALYASYON RISK POU ASIRE MACHIN OU AN.

Daprè enfòmasyon ou bay yo, pwosesis souskripsyon an pèmèt konpayi asirans lan detèmine si li dispoze bay kouvèti asirans yo mande a epi si se sa, prim li pral fè peye pou asire machin ou a.

Anba la a gen egzanp kèk kesyon sou souskripsyon oswa enfòmasyon ki komen ajan asirans ou an oswa fòm sou entènèt la ka mande w lè ou aplike pou asirans otomobil. Pou evite kèk erè komen, tanpri asire ou reponn kesyon yo avèk presizyon lè w ap achte asirans otomobil.

?

Èske aplikan an, nenpòt moun nan kay la oswa nenpòt chofè ki nan lis la:

- ▶ Yo anile asirans oto yo a, refize yo asirans oswa yo pa renouvle asirans yo a?
- ▶ Yo sispann lisans chofè yo oswa anrejistremant yo a, yo revoke oswa refize akòz refi privilèj kondwi yo?
- ▶ Te gen yon repriz oswa fayit pandan 5 dènye ane yo?
- ▶ Te enplike nan yon aksidan otomobil kòm yon chofè kit wi ou non ou te antò oswa te resevwa nenpòt vyolasyon pou d'emenajman?
- ▶ Te kondane pou yon krim?
- ▶ Te fè yon reklamasyon PIP pou blesi medikal? Sa a anjeneral gen ladan tout reklamasyon ki te depoze pou avantaj PIP kit wi ou non yon konpayi asirans te finalman onore oswa peye reklamasyon yo.

?

Èske gen nenpòt rezidan k ap viv nan kay ou ki gen laj 14 lane oswa plis, ki gen lisans ou pa, ou pa t divilge?

?

Èske w te mete nan lis la tout chofè regilye ki ka fonksyone sou machin ou an, kèlkeswa kote yo abite?

?

Èske gen lòt machin nenpòt moun ki nan kay ou a posede, lwe oswa itilize regilyèman? Si repons lan se "WI", ou ka oblije bay enfòmasyon sou machin lan (yo) epi soumèt prèv asirans pou machin lan (yo).

?

Longè tan pandan ane a machin lan (yo) sitiye nan adrès fizik (garaj) ki nan lis nan aplikasyon an.

?

Èske gen youn nan machin yo ki nan lis la yo itilize pou rezon komèsyal, biznis oswa itilize pandan travay? Sa a anjeneral gen ladan livrezon manje, magazin, jounal, pwodwi oswa machandiz nenpòt kalite, swa sou yon baz tan plen oswa tan pasyèl.



POU PLIS ENFÒMASYON

Si w gen nenpòt kesyon sou aplikasyon pou asirans otomobil la, konsilte ajan asirans ou a, konpayi asirans lan, oswa the Liy Èd gratis Konsomatè Asirans Depatman Sèvis Finans lan nan **1.877.693.5236**.



www.MyFloridaCFO.com/Division/ICA

Your**FL**Voice@MyFloridaCFO.com

  @Your**FL**Voice